



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FESTIVAL TRIBECA RE-IMAJINE POU PREZANTE
RE-OUVÈTI RADIO CITY MUSIC HALL A 100% KAPASITE POU SWARE KLOTI
FESTIVAL LA NAN SAMDI 19 JEN**

*Tribeca Festival pral premye festival fim an pèsòn nan Amerik di Nò a depi
pandemi COVID-19 la*

*Radio City Music Hall istorik la pral akeyi 100% kapasite pou evènman istori ak
yon odyans ke yo vaksinen konplètman*

*Festival re-imagine a pral prezante nouvo pwojeksyon fim deyò, pwogram festival
sou entènèt ak pwogram Borough-to-Borough*

*Kat jewografik pou sit pwojeksyon deyò Tribeca Festival la ak lye Borough-to-
Borough yo disponib [isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Radio City Music Hall pral ouvri pòt li pou pwemye fwa depi plis pase yon ane pou òganize fim Sware Kloti (Closing Night) Tribeca Festival la nan samdi 19 jen. Pou evènman sa a, Radio City Music Hall pral fonksyone nan 100% kapasite ak yon odyans ke yo vaksinen konplètman. Yo pral anonse lòt detay sou evènman istorik ak depistaj pou sware kloti a talè konsa.

Tribeca Festival pral premye festival fim an pèsòn k ap fèt nan Amerik di Nò a depi pandemi COVID-19 la te kòmanse. Kòm yon selebrasyon 20èm anivèsè, Festival re-imagine a pral prezante eksperyans vizyonaj tou nèf, ki gen ladan depistaj deyò nan espas yo, tankou Pier 76, ak Tribeca at Home, yon nouvo seleksyon fim ke yo pral pwojte sou entènèt sèlman. Sware Ouvèti Festival la pral prezante yon pwojeksyon klas mondyal fim "In the Heights at the United Palace Theater" nan Washington Heights ak atravè tout lòt sit festival deyò yo an menm tan. Jon M. Chu te reyalize adaptasyon ekran mizik ki te gayan nan Tony Award la, ki te kreye ak pwodwi pa pwòp atis New York ki se Lin-Manuel Miranda.

"Kòm chif nou yo ap kontinye diminye epi gen deplizanplis Nouyòkè k ap pran vaksen an, nou ka kòmanse tounen paj la sou COVID ak tann ak enpasyans pou retounen nan yon nouvo nòm", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Evènman, sit ak biznis yo toupatou nan Eta New York ap re-imagine kijan y ap fonksyone nan yon mond apre pandemi an, epi Tribeca Festival la pa yon eksepsyon. Ane sa a Tribeca Festival pral ofri nouvo fason enteresan pou Nouyòkè yo ak vizitè yo pou yo pwojte pi bon fim ane a yo epi jwi

anpil evènman ak eksperyans ki pral fèt, k ap abouti ak yon odyans ke yo vaksinen konplètman nan 100 pousan kapasite nan Radio City Music Hall istorik la. Sa a se yon gwo etap pi devan nan re-ouvèti eta ak nasyon nou an ki pral fè rès mond lan konnen ke New York retounen epi li pi bon pase anvan".

Ko-Kreyatè ak Prezidan Egzekitif Jeneral Tribeca Enterprises ak Tribeca Festival la, Jane Rosenthal, te deklare, "Misyon fondatè nou an pi enpòtan toujou jodi a e nou te vle asire ke nou ta kapab atenn tout kwen nan New York. Tribeca te kòmanse rasanble moun, e se sa ke nou vize fè ankò ane sa a, pou konekte kominote yo atravè tout senk minisipalite yo ak pataje eksperyans festival nou an, sekirite, pandan n ap sipòte biznis lokal yo".

James Dolan, Prezidan Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral MSG Entertainment, te deklare "Sa a se yon moman enpòtan pou Radio City Music Hall, endistri lwazi a ak Vil New York e nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak angajman li pou fè sa reyalize. Nan travay sere ak gwo patnè nou yo nan Tribeca Film Festival la, nou gen konfyans ke nou pral akeyi yon odyans konplè nan sa nou konnen ki pral yon evènman ki trè espesyal ak memorab - sa ke nou espere ki pral plani chemen an pou lòt yo swiv".

Tribeca Festival la te fonde apre 11/9 nan lide pou atis ak gwo narasyon yo kapab enspire espwa, pote chanjman ak revitalize kominote yo pandan moman difisil yo. Ven ane pita, mesaj Tribeca a sonnen pi vrè pase anvan, patikilyèman apre yon ane kote New York ak majorite mond lan ap fè fas ka defi san parèy akòz pandemi an.

Festival Tribeca 2021 an pral yon evènman pandan 12 jou atravè plizyè lye ak plis pase 250 pwojeksyon, konferans ak pèfòmans; senk pyès imèsiv nan Mixed Reality Arcade nan Spring Studios; ak pwogram nan tout senk minisipalite yo. Festival la pral prezante tou yon pwogramasyon emisyon pou premye fwa nan tout istwa li, ansanm ak yon seri de reyinifikasyon fim ak anivèsè. Festival la espere atenn jiska 100,000 envite ki ka patisipe pandan evènman 12 jou a ak plis pase 200 pwojeksyon nan sit deyò yo ki gen ladan:

- The Battery, Manhattan
- Waterfront Place nan Brookfield Place, Manhattan
- Hudson Yards, Manhattan
- Pier 76 nan Hudson River Park, Manhattan
- Empire Outlets, Staten Island
- MetroTech Commons, Brooklyn

Epitou, pwogram Borough-to-Borough Festival la pral pote Festival la dirèkteman nan katye ki ozalantou Vil New York yo lè l isèvi avèk sinema LED mobil epi ki modèn ki mezire 40 pye, premye ekran HD mobil nan peyi a, k ap konekte kominote yo ak eksperyans festival la nan pwòp lakou pa yo. Lye sit Borough-To-Borough yo enkli:

- Queens - Flushing Meadows Corona Park; Rockaway Beach; Astoria Park
- Bronx lan - Van Courtland; Soundview Park; Walter Gladwin Park
- Brooklyn - Marine Park

Tribeca konsakre li pou sipòte atis, sineyas ak kreyatè yo nan divès fòm. Depi kreyasyon li an, Tribeca te defann alafwa talan emèjan ak talan ki konfime, òganize eksperyans inovan ak prezante nouvo teknoloji ak lide atravè premye yo, egzibisyon yo, konferans yo ak pèfòmans an dirèk yo. Pou plis enfòmasyon sou Tribeca ak pou achte tikè, tanpri vizite www.tribecafilm.com.

Anons jodi a apiye dènye mezi Gouvènè Cuomo yo pou re-ouvri ekonomi an pi plis konsidere pwogrè enpòtan nan vaksinasyon yo epi rediksyon konstan nan ka ak ospitalizasyon COVID-19 yo. Jiska yè, 62 pousan adilt nan New York te resevwa omwen yon dòz vaksen epi 52 pousan te konplete seri vaksen yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)